



Atelier JN Gilles
Eskilti an Wòch

Souvni ak Kalite Inik

Anpil souvni ki fèt an Ayiti sanble tèt koupe youn ak lòt. Men kliyan yo memm se bagay ki pa sanble menm jan ak lòt yo l ap chèche. Se poutèt sa travay an wòch nou ofri yo se kado inik yon moun kapab bay fanmi ak zanmi yon fason pou fè kè yo kontan epi fè bél dekorasyon andedan lakay yo.

Men, pafwa anpil nan souvni sa yo konn sanble bagay ki fèt vay ke vay. Se pa yon bagay ki fasil pou rive jwenn travay atizana ki fèt ak bon kout sizo epi ak materyèl ki gen nen nan figi yo. Travay eskilti an wòch Jean Gilles fè, se rezulta bon jan kalite eksperyans ak pefeksyonman pandan 14 zan li pase ap fè travay an wòch granit ak mika nan domèn atistik ayisyen an. Se yon melanj pwa lou ki makonnen ak finès, yon lafrehè ki degaje lè ou manyen wòch la. Men, nou ofri travay atizana sa yo nan yon pri ki rezonab, yon fason pou moun ki achte nan men nou kapab fè benefis pa yo, pandan nou pa bliye satisfè kliyan yo tou.



Leogane Chatuley #29

Tel: 3468-9916




Atelier JN Gilles
Eskilti an Wòch

Kòmand Plak Moniman

Souvni ak komemorasyon pou moun ki te chè nan lavi nou se yon bagay ki enpòtan anpil pou kliyan ak pratik nou yo, e nou konnen yo renmen fè sa byen. Se poutèt sa nou kwè yon bél travay atizana an wòch se pi bon mwayen yon moun kapab onore memwa moun ki te chè pou yo. Nanpwen pi bél jès pase yon bél plak an wòch ki fèt an memwa yon moun ki chè pou nou. Se yon souvni nou pa janm blyie.

Nou kapab fè travay la epi delivre li nan twa jou, epi tou ak yon yon pri ki rezonab . Yo vini nan de koulè. Nou fè yo swa an blan granit osinon an mika gri fonse. Tout se bon jan pwodi lokal ki sòti nan tè peyi Dayiti.



Leogane Chatuley #29

Tel: 3468-9916



Atelier JN Gilles
Eskilti an Wòch

Di I 'nan Wòch!

Èske ou ap chache yon fason inik nan make yon anivèsè nesans oswa anivèsè? Èske w vle yon fason ki dire lontan eksprime sa yo panse ou renmen oswa apresyasyon? Èske w bezwen yon plak non pou biwo ou a? Di I 'nan wòch! Ka mesaj ou a ap fè mete pòtre bél lakou byen nan wòch aktyèl, eksprime ane mesaj ou a apre ane. Imagine sipriz yo epi yo pran plezi!

Sa yo yon sèl-a-yon-kalite kado yo surprenante abòdab e ki kapab fèt-a-lòd nan yon delè kout. Yo se men so soti nan natif natal ayisyen granit blan oswa mika gri. Lèt yo oubyen wè imaj ou chwazi pou ou kapab tou gen pou pentire plizyè koulè.

Tanpri, rele oswa ale nan atelye nou yo diskite sou pwojè ou a epi re-sevwa yon quote. Ou ka wè fini eg-zanp travay nou yo ak aktyèlman wè atizan nou yo nan aksyon!



Leogane Chatuley #29

Tel: 3468-9916